

Chè Mèt Pwopriyete,

Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (Housing Preservation and Development, HPD) bay mizajou detanzantan sou nouvo lejislasyon ak enfòmasyon sou dokiman ak resous ki disponib pou pwopriyete bilding rezidansyèl yo pou ede yo respekte Kòd Antretyen Lojman (Housing Maintenance Code) Vil New York ak Lwa sou Lojman Miltip (Multiple Dwelling Law) Eta New York ansanm ak lòt kòd vil la ki konsène yo. Ale sou [Sit wèb HPD](#) an pou li bilten sa a (ak ansyen bilten yo) nan lòt lang.

*Piblikasyon sa a la pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa reprezante yon konsèy legal. Enfòmasyon sa yo pa yon deskripsyon konplè oswa final pou tout responsablite pwopriyete ak lokatè yo genyen konsènan lwa ak règ ki konsène lojman nan Vil New York.*

---

### **Enfòmasyon sou Sibvansyon Dijans pou Lokatè yo**

Gen yon [nouvo gid](#) pou ede oumenm ak rezidan ou yo oryante nou nan aplikasyon pou Sibvansyon Èd Dijans Vil la pou Lwaye (“One-Shot Deals”). Se Depatman Sèvis Sosyal/Administrasyon Resous Imèn ki administre yo, epi Sibvansyon Dijans yo ka ede Nouyòkè ki gen revni fèb yo peye aryere ke yo dwe pou peman lwaye yo rate oswa, nan ka pwopriyete yo, pou peman ipotèk yo rate, pou frè antretyen ak taks sou pwopriyete yo. Sa se yon zouti enpòtan Vil la itilize pou anpeche degèpisman ak sityasyon sanzabri.

Depliyen ki la a gen machaswiv konsènan fason rezidan yo ka aplike, ak ki enfòmasyon ak dokiman yo bezwen pou pwosesis aplikasyon an. Li pa nesè pou depoze yon plent nan Tribinal Lojman kont rezidan yo pou kalifye yo pou èd. Rezidan NYC yo ka aplike pou yon Sibvansyon Dijans menm si yo te resevwa youn otrefwa. **Si ou kwè lokatè yo nan bilding ou an (yo) ka benefisye pwogram sa a, tanpri afiche [nouvo gid](#) sa a nan yon kote ki apwopriye pou lokatè yo kapab enfòme.**

Kandida yo ka aplike epi tcheke kijan dosye yo a ap evolye sou [sit entènèt Access HRA](#) lan epi kreye yon kont si yo pa deja gen youn.

Si lokatè yo bezwen èd anplis akòz difikilte anrapò ak COVID-19, yo ka rele 311 pou kontakte Sèvis asistans nan telefòn Vil la epi mande pou “liy asistans lokatè a.”

---

### **Sezon chofaj la rive nan NYC**

Sezon Chofaj nan Vil New York kòmanse 1ye Oktòb epi li fini 31 Me. Ant de dat sa yo, mèt pwopriyete yo oblije asire yo kenbe chofaj la nan yon tanperati omwen 68 degre andedan chak fwa tanperati a vin pi ba ke 55 degre pandan lajounen (ant 6:00 am ak 10:00 pm). Ant 10:00 pm ak 6:00 am, tanperati minimòm yo dwe kenbe andedan an se 62 degre, kèlkeswa tanperati deyò a.

Pou asire ke chodyè ou pare pou sezon fredy a, nou ankouraje pou ou pran sèten dispozisyon:

- Si bilding ou an oblije depoze yon rapò Enspeksyon Chodyè nan Depatman Bilding (Department Of Buildings, DOB), asire ke enspeksyon chodyè ou an te fèt epi ou te fè nenpòt reparasyon yo rekòmande. Depo peryodik pou chodyè yo aplike pou lojman rezidansyèl ki gen:
  - o 6 fanmi oswa plis
  - o Mwens pase 6 fanmi avèk yon kapasite chodyè 350,000 BTU/èdtan ak piplis
  - o Lojman itilizasyon miks yo
  - o Okipasyon Chanm Senp (Single Room Occupancy, SRO) yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou egzijans sa yo, ou ka tcheke sou [Paj Wèb Chodyè DOB an](#).

---

### **Rapèl: Anrejistreman Pwopriyete**

**Delè pou Anrejistreman Pwopriyete se te 1ye septanm.** Pou jwenn plis enfòmasyon sou moun ki oblije anrejistre ak fason pou anrejistre, ale sou [paj wèb HPD](#) an oswa tanpri, kontakte Inite Èd pou Anrejistreman an nan imèl ([Register@hpd.nyc.gov](mailto:Register@hpd.nyc.gov)) oswa nan telefòn (212-863-7000). Tanpri konnen akòz COVID-19, biwo nou yo pa louvri kounye a pou vini san randevou pou èd pou anrejistreman.

---

### **Rapò Anyèl sou Pinèz: Kesyon Moun Poze Souvan**

Seksyon 27-2018.1 ak 27-2018.2 nan Kòd Antretyen Lojman an egzije pou pwopriyete lojman miltip (yo) mande chak ane enfòmasyon nan men okipan bilding yo sou anvayisman pinèz, epi baze sou enfòmasyon sa yo ak aktivite pwopriyete a pandan ane a, depoze yon Rapò Anyèl sou Pinèz nan Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (Housing Preservation and Development, HPD). Depo a mande enfòmasyon sou anvayisman pinèz ak mezi ki pran pou estèminasyon nan lojman miltip lan. [Rapò Anyèl sou Pinèz](#) sa a dwe depoze nan HPD nan fason elektwonik. Aprè li fin depoze rapò a nan HPD, pwopriyete a oblije bay okipan yo rapò a tou nan kòmansman oswa nan renouvèlman kontra lwaye OSWA afiche rapò a nan yon kote piblik byen vizib nan lojman miltip la. Pwopriyete a dwe konsève yon dosye sou fason li te bay okipan yo rapò a.

**Pwochen peryòd rapò a se novanm 2019 jiska novanm 2020. Mèt pwopriyete yo oblije depoze yon Rapò Anyèl sou Pinèz ant 1<sup>ye</sup> Desanm ak 31 Desanm.**

### **Ki enfòmasyon mèt pwopriyete yo oblije depoze?**

Mèt pwopriyete yo oblije depoze sa ki annapre la yo:

1. **Kantite inite lojman antou.** Kantite inite antou nan lojman miltip la (èske inite a okipe oswa li pa okipe).
2. **Kantite inite lojman ki enfeste.** Kantite inite, dapre rapò yon lokatè te fè oswa ke mèt pwopriyete a konnen otreman, ki te gen yon anvayisman pinèz pandan peryòd rapò a epi chak ane pou chak rapò ki vin annapre.
3. **Kantite inite lojman ki estèminen.** Kantite inite kote yo te aplike mezi estèminasyon pou peryòd rapò a.
4. **Kantite inite lojman ki re-enfeste.** Kantite inite ki te rapòte yo gen yon anvayisman pinèz apre yo te itilize metòd estèminasyon pandan peryòd rapò a epi chak ane pou chak rapò ki vin annapre.

**Èske inite lojman miltip y ap rapòte a dwe anrejistre? Wi.** Si bilding lan pa anrejistre nan HPD, pou enskri l, mè pwopriyete yo ka ale nan [Sistèm Anrejistreman Pwopriyete sou Entènèt la \(Property Registration Online System, PROS\)](#).

**Èske bilding komèsyal yo oblije depoze Rapò Anyèl sou Pinèz la? Seksyon 27-2018.1 ak 27-2018.2 pa aplike pou bilding komèsyal yo.** Otèl yo se bilding rezidansyèl yo ye, yo pa bilding komèsyal, epi yo dwe soumèt yon rapò anyèl.

**Èske mè pwopriyete yo dwe depoze yon Rapò Anyèl sou Pinèz menm si bilding lan pa gen pinèz? Wi.**

**Èske mè pwopriyete yo oblije depoze yon istwa anvayisman pinèz pou chak inite lojman? Mèt pwopriyete yo oblije depoze yon rapò global sou istwa anvayisman pinèz nan lojman miltip ki gen ladan istwa anvayisman pou tout inite yo – se pa yon istwa anvayisman pou yon inite lojman apa.**

**E si yon lokatè pa vle bay istwa anvayisman pinèz? Si otrefwa mè pwopriyete a te fè prèv dilijans rezonab pou enspekte, chèche ak estèminen pinèz nan inite a, epi okipan an pa te depoze yon plent konsènan prezans pinèz nan inite a pandan peryòd rapò a, mè pwopriyete a pa bezwen mete inite a nan kantite inite lojman l ap rapòte kòm lojman ki enfeste pandan peryòd rapò a.** Men, li dwe rapòte inite a kanmenm lè yo mande pou antre kantite inite lojman yo nan lojman miltip la. Pwopriyete a dwe fè tout efò li kapab pou jwenn enfòmasyon nan tout inite yo.

**Mèt pwopriyete lojman miltip yo dwe anrejistre yon nouvo kont pou chak bilding? Yon mè pwopriyete ka kreye yon sèl kont epi antre istwa anvayisman pinèz pou chak lojman miltip.** Tanpri konnen mè pwopriyete a oblije depoze istwa anvayisman pou chak lojman miltip; se pa yon istwa anvayisman gwoupe pou tout lojman miltip li posede yo.

**Èske gen nenpòt egzijans anplis apre depo elektwonik la? Wi.** Lè li fin fè depo a, mè pwopriyete a ap resevwa yon **Resi Depo Rapò Anyèl sou Pinèz**.

Mèt pwopriyete a dwe bay lokatè a yon kopi resi depo a nan chak renovèlman kontra lwaye, oswa nan kòmansman yon nouvo kontra lwaye, oswa mè pwopriyete a ka afiche fòm elektwonik lan nan yon kote byen vizib nan lojman miltip la.

Tanpri konnen ke mè pwopriyete a oblije swa distribye oswa afiche tou yon kopi [Avi Enfòmasyon sou Pinèz](#) Depatman Sante ak Ijyèn Mantal la. Avi sa a bay enfòmasyon sou prevansyon, deteksyon, ak eliminasyon anvayisman pinèz. Fòm lan dwe afiche nan 60 jou oplita apre depo Rapò Anyèl sou Pinèz la.

**Èske pwopriyete yo ka kreye pwòp modèl pa yo pou Resi Depo Rapò Anyèl sou Pinèz la pou yo distribye bay lokatè yo oswa pou yo afiche nan yon kote byen vizib? Non.** Mèt pwopriyete yo oblije distribye oswa poste fòm elektwonik HPD etabli a.

**Èske seksyon 27-2018.1 ak 27-2018.2 aplike pou kooperativ (co-op) yo? Wi.** Tanpri konnen tou ke mè inite lojman an dwe pran istwa anvayisman pinèz yo pou nenpòt inite koperativ yon moun ki pa pwopriyete okipe. Apre sa, pwopriyete inite lojman an dwe soumèt enfòmasyon yo bay konsèy kooperativ la pou yo soumèt yon sèl istwa anvayisman pou bilding lan bay HPD.

**Èske seksyon 27-2018.1 ak 27-2018.2 aplike pou kondominyòm yo?** Wi. Tanpri konnen tou ke mèt inite lojman an dwe pran istwa anvayisman pinèz yo pou nenpòt inite kondominyòm ke pwopriyete a pa okipe. Apre sa, pwopriyete inite lojman an dwe soumèt enfòmasyon yo bay konsèy kondominyòm lan pou yo soumèt yon sèl istwa anvayisman pou bilding lan bay HPD.

**Èske mèt pwopriyete yo oblije distribye Rapò Anyèl sou Pinèz la bay lokatè ki te renouvle yon kontra lwaye oswa ki te siyen yon kontra pou dire lwaye pandan peryòd depo a?** Mèt pwopriyete yo oblije bay istwa anvayisman pinèz la nan kòmansman yon nouvo kontra lwaye oswa nan renouvèlman kontra lwaye ki kòmanse apre li fin soumèt Rapò Anyèl sou Pinèz la.

**Èske dat limit pou depo a pral pwolonje?** Non. Byenke premye dat limit pou depo a pa pral pwolonje, mèt pwopriyete yo ap kapab depoze toujou apre dat limit 31 desanm lan.

**Kimoun yo ka kontakte si gen pwoblèm pou depoze yon Rapò Anyèl sou Pinèz oswa pou jwenn aksè nan Paj Entènèt sou Pinèz la?** Yo kapab rapòte bay HPD pwoblèm pou depo yo nan imèl nan [enforcementdesk@hpd.nyc.gov](mailto:enforcementdesk@hpd.nyc.gov).

**Kisa k ap pase si mwen pa depoze Rapò Anyèl sou Pinèz la?** Mèt pwopriyete a ap resevwa yon vyolasyon pou mankman depo.